

3 BAGAY OU BEZWEN KONNEN

Gen kèk moun ki aplike pou yon kat vèt oswa yon viza pou antre Ozetazini ki dwe pase yon tès "chaj piblik". Nan ka sa yo, ofisyèl imigrasyon yo ap gade si moun nan pral depann sitou sou gouvènman an pou sipò nan lavni.

Administrasyon Trump la fèk pwopoze yon chanjman nan tès sa a, **men li poko an plas**. Twa bagay enpòtan fanmi imigran yo bezwen konnen sou chaj piblik la se:

1

PIFÒ MOUN PA BEZWEN ENKYETEYE SOU CHAJ PIBLIK DITOU

- Chaj piblik la pa aplike pou tout moun.
- Si ou deja gen yon kat vèt, oubyen ou pa gen yon chemen pou jwenn youn kounye a, sa pa afekte ou.
- Se sèlman moun k ap chèche yon kat vèt prensipalman atravè yon manm fanmi oswa k ap chèche antre Ozetazini soti andeyò peyi a ki ka sibi tès sa a.
- Anpil imigran, tankou refijye ak moun ki resevwa azil, yo egzante de yon tès chay piblik lè yo aplike pou yon kat vèt.

NOU KA PRAN AN KONSIDERE KÈK BENEFIS PIBLIK.

2

- Apati 19 novanm 2025, administrasyon Trump la te pwopoze pou mete fen nan règ chaj piblik Biden an, men li pa t eksplike sa ki pral ranplase li. Sa fè li difisil pou konnen kijan ofisyèl yo pral konsidere benefis piblik yo lè y ap egzamine yon aplikasyon kat vèt nan lavni.
- Pou kounye a, règ Biden nan toujou an plas. Yo pa konsidere manje, lojman, ak pifò pwogram swen sante.
- Si w ap resevwa benefis piblik kounye a, si w sispann yo kounye a, sa p ap gen anpil chans afekte detèminasyon chaj piblik ou a, men se ou menm sèl ki konnen sa ki pi bon pou lavni fanmi w.
- Si w ap aplike pou yon kat vèt, oubyen si w ta renmen aplike nan lavni, konsilte avoka w.

3

CHAJ PIBLIK PA SÈLMAN KONSÈNE BENEFIS

- Ofisyèl imigrasyon yo dwe gade sikonstans yon moun an antye, pa sèlman si moun nan te itilize pwogram gouvènman yo.
- Sa gen ladan l si yon manm fanmi oswa yon lòt moun ki gen ase revni oswa resous te pwomèt pou sipòte w. "Afidavit sipò" sa a ak lòt faktè pozitif ka ede menm si ou te itilize pwogram gouvènman an nan tan lontan.